



**EMPOWERING
IMMIGRANTS,
STRENGTHENING
AMERICA**

Kliknik Sitwayente AILA DC Chapter Samdi, 14 Septanm, 2019

Maryland	Washington DC	Virginia
<p>Catholic Charities of Baltimore - Esperanza Center at Hogan Lovell LLP 100 International Dr. #2000 Baltimore, MD 21202 10:00am – 3:00pm *Preekzaminasyon (pagen antre san sa), kontakte 667-629-931 or https://bit.ly/2ch33O1 **\$100 konsiltasyon gratis</p> <p style="color: red; font-size: 2em; text-align: center;">FULL</p>	<p>CARECEN at Carlos Rosario International Public Charter School 1100 Harvard Street NW Washington, DC 20009 8:30am – 1:30pm *Preekzaminasyon (pagen antre san sa), Kontakte (202) 328-9799 **\$90+\$10 (\$100 total) Klinik gratis</p>	<p>Catholic Charities Diocese of Arlington - Hogar Immigrant Services ***Clinic on Friday 9/13/2019 6301 Little River Turnpike, Suite 300 Alexandria, VA 22312 Registrasyon 10:00am – 12:00pm *Randevou rekomande 703-534-9805 x252 or form.jotform.us/citizenshipogar/english-form (English); form.jotform.us/citizenshipogar/spanish-form (español) **\$50 Consult Fee + \$60 N-400 Clinic Fee</p>
<p>LASOS 33 W. Courtland Street Bel Air, MD 21014 10:00am – 2:00pm *Preekzaminasyon (pagen antre san sa), kontakte 410-836-0333</p>	<p>Whitman-Walker Health 1525 14th Street NW Washington, DC 20005 Registrasyon 10:00 – 11:30am *Preekzaminasyon (pagen antre san sa), contact 202-939-7630 or lsuarez@whitman-walker.org</p>	<p>APALRC at City of Fairfax Regional Library 10360 North St. Fairfax, VA 22030 1:00 – 4:00pm *Randevou rekomnade, konyakte 202-393-3572 or www.apalrc.org/citizenship-guide/</p>
<p>Catholic Charities of the Archdiocese Washington 12247 Georgia Ave. Silver Spring, MD 20902 10:00am – 1:00pm *Preekzaminasyon (pagen antre san sa), contact 202-772-4352</p>		<p>Ayuda 2701 Prosperity Ave. Fairfax, VA 22031 Registration 10:00am – 12:00pm</p>
<p>ChesMRC 331 E. Dover Street Easton, MD 21601 10:00am – 1:00pm *Randevou rekomande, Kontakte 443-786-1120 or 410-924-4022</p>		<p>Gardner & Mendoza at St. Gregory the Great Catholic Church 5345 Virginia Beach Blvd. Virginia Beach, VA 23462 10:00am – 2:00pm</p>

Elizibilite Jeneral Naturalizasyon:

- Se pou genyen 18 an daj
- Pèmanan Rezidan Legal pou omwen 5 an (oubyen 3 zan si oumariye avèk yon sitwayen U.S.)
- Prezan fizikman nan U.S. for 2-1/2 ane nan dènye 5 an (oubyen 1-1/2 nan dènye 3 zan, si ou mariye avèk yon sitwayen U.S.), e san ou pat vwayaje andeyò U.S. pou plis ke yon ane pandan 5 dènye ane (oubyen dènye 3 zan, si ou mariye avèk yon sitwayen U.S.)
- Ou te yon rezidan nan eta kote ou ap ranpli aplikasyon an pou omwen 3 mwa.
- Ou dwe kapab pale, li e ekri Anglè
- Ou dwe kapab pase ekzamen istwa U.S. ak ekzamen civik la
- Ou dwe yon moun ki genyen "bon karaktè moral" (lap difisil si ou neglije peye sipo pou pitit ou, si ou peye taks, si ou komèt seten krim, si ou te vote nan U.S, ou te neglije anrejistre pou sèvis selektif, etc.)
- Ou dwe gen volonte pou ou fè yon sèman de lwayote a U.S..

Kisa pou Pote nan Jou Sitwayente

Tout moun

- ✓ Kat Rezidans Pèmanan (Green Card)
- ✓ Tout paspò kouran oubyen yo ekspire
- ✓ ID ke Eta a te baou
- ✓ Frè USCIS (chèk pèsonèl, moniòdè, oubyen kat kredi):
 - Aplikasyon
 - \$640 si ou gen plis ke 75 zan
 - Ou pap peye si ou aktif nan militè- pote prèv de estati ou
 - Pou aplike pou renonsyasyon de frè oubyen frè redwi: tax 218, resi chèk ou oubyen Benefis Piblik (Medicaid, SSI, TANF)
- ✓ Lis de adrès ou te abite pandan 5 dènye ane ak dat ou te abite nan adrès sa yo.
- ✓ Lis de anplwayè ou yo ak adrès yo pandan 5 dènye ane yo, inkli dat ou te travay pou yo tou.
- ✓ Enfòmasyon sou tout moun ou te marye avèk yo (kouran ak ansyen) ak TOUT pitit ou (ki inkli adil ak adopte, sa ki mouri, ak bofis ak bèlfi) – data k plas nesans yo, A#, Kat Rezidans yo ak adrès kouran yo.
- ✓ Tout dat ak tout peyi ou te vizite pandan tout vwayaj andeyò de U.S. depi le ou te genyen rezidans pèmanan ou
- ✓ Si se nesèsè, vini avèk entèprèt, oubyen kontakte sit klinik la davans
- ✓ Nenpòt oubyen tout rekò DMV krim/arestasyon/konviksyon/ probasyon/tikè/detansyon
 - Ou dwe pote dokiman si yo te JANM stopew, arete, oubyen si lapolis oubyen govènman an te fèmenw, oubyen si ou te genyen pou ou te prezante nan tribinal pou nenpòt rezon, menm si se trè lontan nan yon lòt peyi e avoka te diw ke dosye a te efase
 - Pote tout dosye tribinal si ou te genyen pou ou prezante devan jij imigrasyon
- ✓ Dosye Tax pou ane 2018, 2017, 2016, 2015, 2014

Tout lòt Dokiman (ki aplikab)

- **Prèv de nenpòt chanjman legal de non: cètifika maryaj, cètifika divos, oubyen nenpòt lòd tribinal pou chanje non**
- **Si ou te marye plis ke yon fwa nan U.S. oubyen nan lòt peyi:** tout lisans maryaj oubyen prèv de tèminasyon (divòs, anilman, oubyen ak desè)
- **Si ou ap aplike pou sitwayen U.S. sou 3 zan sou baz maryaj avèk yon sitwayen US, pote:**
 - Prèv ke madam/mari ou se te yon sitwayen pou 3 dènye ane yo (batistè madam/mari ou, cètifika natiralizasyonw, cètifika sitwayentew, paspò US li, oubyen fòm FS240),
 - Cètifika maryaj, divòs, anilman oubyen ak desè pou TOUT maryaj avèk madam/mari aktyèl ou
 - Ak prèv ke oumenm ak madam/mari ou nap viv ansanm toujou (ekzanp: dosye tax ansanm, biyè itilite ansanm, relve bankè, kontra kay, ipotèk, batistè pitit ou).
- **Si ou genyen yon madam/mari oubyen timoun ki depann de ou e ki pa abite avèk ou, pote:**
 - Nenpòt lòd tribinal pou ou founi sipò finansye
 - Evidans de sipò finansye (ekzanp: kopi chèk ki chanje, moniòdè oubyen resi transfè elektronik, evidans de sezi lajan sou salèw, oubyen lèt de paran oubyen gadòr kap pran swen pitit ou)
- **Si ou dweTax:** prèv de plan de peyman
- **Sèvis Selektif:** Gason ki tap viv nan US ant laj 18-26, silvoulè pote prèv de nimero anrejistrasyonw.
 - Vizite Sit entènèt sèvis selektif la pou ou tyeke anrejistrasyonw e pou jwenn nimero a: www.sss.gov
 - Si ou pat anrejistre e ke ou genyen mwens ke 31 ane, silvoulè konsilte yon avoka imigrasyon ki lisansye oubyen yon reprezantan BIA akredite konsènan elijibilitew.
- **Ekzanpsyon pou Anglè ak/oubyen Ekzijans Civik:** Ou kapab kalifye pou ou pran ekzamen civik ak fè entèvyou baze sou laj ak nonb de tan ou genyen kòm yon Rezidan Pèmanan, oubyen si ou ap aplike pou yon ekzanpsyon baze sou dezabilite medikal. Silvoulè kontakte oganizasyon klinik la davans pou ou wè si ou kalifye e asire ke yap genyen entèprèt disponib pou edew.
- Elijibilite pou ekzijans ekzanpsyon Anglè (pa nan ekzamen civik la) baze sou laj ou ak nonb de tan kòm yon rezidan:

- Plis ke 50 tan AK omwen 20 ane kòm yon Rezidan Pèmanan Legal
- Plis ke 55 an AK omwen 15 zan kom Rezidan Pèmanan Legal
- Plis ke 65 an AK omwen 20 tan kom Rezidan Pèmanan Legal (yap baou ekzamen ki pi kout)
- Ekzanpsyon Anglè ak/oubyen ekzamen civik akòz dezabilite medikal: ou dwe made doktèw poul ranpli e siyen Fòm N-648 poul eksplike koman dezabilitew ap anpechew aprann nouvo enfòmasyon. www.uscis.gov/n-648